**Chidzidzo 184**
**PESQUISA (TSVAKURUDZO)**

## Mukadzi waRoti

**MAGWARO: Genesis 19: 15- 28**

**MAGWARO ANOTSIGIRA : Ruka 17: 28-32**

**NDIMA YEMUSORO:** Nyika inopfuura nekuchiva kwayo, asi unoita kuda kwaMwari, unogara nokusingaperi. -1Johane 2: 17

**Dzimwe nguva zvinhu zvehupenyu huno, sekutaridzika kwazvo sezvisingakuvadze, zvinokwewera vanhu muchivi kusvika pakurasikirwa nemweya yavo vagozo tarisana nekutonga kwaMwari sezvakaita mukadzi waRoti. Mwari anogara akatendeka mukupa yambiro nenguva yakafanira. Pane zviitiko zvakawanda mubhaibheri Mwari Akayambira vanhu nezvekutonga kuri kuuya. Mwari akatiyambira zvakare mumazuva ano ekutsamwa kuchauya pamusoro pevasingadi Mwari kana vasingatendeuke.**

***Mibvunzo***

1. Sei Ishe Vakati maguta eSodhoma neGomora aifanira kuparadzwa? Onai Genesis 18:20.
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

2. Maguta ezuva redu anoenderana nenzira dzipi neeSodoma neGomora?
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

3. Abrahama paakaudzwa nezvekuparadzwa kweSodhoma, matanho api aakatora kuti ave nechokwadi chekuchengetedzeka kwaRoti nemhuri yake (Genesis 18: 23-32)? Zviito zvake zvingave muenzaniso sei kwatiri?
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

4. Mwari akashandisa nzira ipi kuita kuti Roti nemhuri yake vabude muguta?
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................
.................................................................................................................................................

5. Sei iwe uchinzwa sokuti Roti nemukadzi wake vakanonoka vasati vabuda Sodhoma?
.................................................................................................................................................

..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................

6. Roti nemhuri yake apo vakanga vave kunze kweguta reSodhoma, vakaudzwa kutii? Zvakatora nguva yakadii vachangobuda muguta kuti moto nesuferi zvidonhe? Onai Ruka 17:29.
..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................

7. Chii chakaitika kumukadzi waRoti? Ipa kufanana pakati chiitiko icho nemhedzisiro inoitika kana iye Mwari waakadzikinura akadzokera shure kunyika.
..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................

8. MunaRuka 17:32, tinoverenga kuti Jesu akarayira vadzidzi kuti "Yeukai mukadzi waRoti." Unofunga kuti ndechipi chikonzero cheichi chirevo?
..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................
..............................................................................................................................................